



Atelye Travay Vityèl Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a: **Aktive ak Afiche Kont** **Bousdetid NYC Pitit ou a**

Tout fanmi ki gen timoun nan jadendanfan, premye ane ak dezyèm ane ki nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) a ka aktive epi afiche Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Accounts) pitit yo a ki gen \$100 alokasyon inisyèl sou li, jodi a menm, pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl!

Nan atelye travay sa a, ekip nou an pral travay avèk ou pou aktive ak afiche Kont Bousdetid NYC pitit ou a pou ka resevwa premye rekonpans \$25 w la!

Asire w ou jwenn Nimewo Idantifikasyon Elèv nèf chif pitit ou a (nimewo OSIS) anvan atelye travay la pou ka aktive kont pitit ou a. Pou jwenn nimewo sa a, gade nan kanè eskolè pitit ou a, mande lekòl ou a, oswa konekte w sou Kont Lekòl NYC (NYC Schools Account) w la nan schoolsaccount.nyc.

Enskri:



nyckidsrise.org/events

Lendi 8 janvyè 6:00-7:00pm	Nan lang Angle, avèk sèvis entèpretasyon andirèk nan lang Arab, Koreyen, Mandaren ak Ris
Vandredi 19 janvyè 10:00-11:15am	Nan lang Angle, avèk sèvis entèpretasyon andirèk nan lang Arab, Mandaren ak Oudou
Lendi 22 janvyè 6:00-7:00pm	Nan lang Panyòl
Vandredi 26 janvyè 10:00-11:15am	Nan lang Angle, avèk sèvis entèpretasyon andirèk nan lang Kreyòl Ayisyen ak Mandaren
Lendi 29 janvyè 6:00-7:00pm	Nan lang Angle, avèk sèvis entèpretasyon andirèk nan lang Arab, Bangla ak Mandaren
Lendi 5 fevriye 6:00-7:00pm	Nan lang Panyòl
Vandredi 9 fevriye 10:00-11:15am	Nan lang Angle, avèk sèvis entèpretasyon andirèk nan lang Arab ak Mandaren

NYC KIDS RISE™
Save for College Program

833-543-7473 | info@nyckidsrise.org

NYC Kids RISE jere Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a nan patenarya avèk Lekòl Leta Vil New York (NYC Public Schools) yo ak Vil New York la.

Tout elèv ki nan klas jadendanfan jiska klas senkyèm ane nan 39 lekòl pilòt nan rejyon Distri 30 yo elijib pou yo patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.

Haitian Creole | kreyòl ayisyen | January 2024